**दिन—बुध** **दिनांक—04.09.2024**

प्रसार भारती
(भारत का लोक सेवा प्रसारक)
प्रादेशिक समाचार एकांश
आकाशवाणी, पटना

प्रसारणः—शाम 06:25 बजे सँ अवधिः—05 मिनट

---

भारतीय न्याय संहिताक अंतर्गत आरोपी सभक दोष सिद्धि के मामिला मे सारण देशक पहिल जिला बनि गेल अछि। पुलिस अधीक्षक डॉक्टर कुमार आशीष जनौलनि जे जिलाक रसूलपुर थाना क्षेत्रक धनाडीह गाम मे सत्रह जुलाई कऽ भेल तीन हत्याक मामिला मे पुलिस चौदह दिनक भीतर नव कानूनक अंतर्गत आरोप पत्र समर्पित कयलनि। संगहि अड़तालीस दिनक भीतर नव कानूनक अंतर्गत आरोपी सभक दोष सिद्ध भेल। ओ जनौलनि जे मामिलाक आरोपी सुधांशु कुमार आ अंकित कुमार कैँ अदालत दोषी मानलक अछि आ काल्हि दुनू कैँ सजाए सुनाओल जायत।

---

शिक्षक दिवसक अवसर पर एहि वर्ष राज्य सरकार एकतालीस शिक्षक लोकनि कैँ राजकीय शिक्षक पुरस्कार सँ सम्मानित करत। शिक्षा विभाग एहि संबंध मे अधिसूचना जारी कऽ देलक अछि। एहि मे एगारह महिला शिक्षक सम्मिलित छथि। एहि सभ शिक्षक के पन्द्रह हजार टाका नकद आ प्रशस्तिपत्र देल जायत। सम्मानित होबयवला शिक्षक सभ मे सभ सँ बेसी तीन शिक्षक औरंगाबाद जिलाक छथि। ओतहि, सीतामढ़ी, वैशाली, सारण, सीवान, सुपौल, पूर्णिया, भागलपुर आ रोहतास जिलाक दू—दू शिक्षक छथि। ई समारोह काल्हि पटनाक श्रीकृष्ण मेमोरियल हॉल मे आयोजित कयल जायत। एम्हर, राज्यक दू शिक्षक के चयन राष्ट्रीय पुरस्कारक लेल कयल गेल अछि। कैमूर जिलाक सिकेन्द्र कुमार सुमन आ मधुबनी जिलाक डॉक्टर मीनाक्षी कुमारी के काल्हि नव दिल्ली मे राष्ट्रपति द्रौपदी मुर्मू शिक्षक पुरस्कार सँ सम्मानित करतीह।

---

सीतामढ़ी स्थित रीगा चीनी मिलक संचालन बेंगलुरू स्थित निरानी सुगर लिमिटेड करत। ई कंपनी चारि वर्षक लेल छियासी करोड़ पचास लाख टाका मे रीगा चीनी मिलक अधिग्रहण कयलक अछि। सुरक्षित राशिक रूप मे कंपनी चारि करोड़ अस्सी लाख टाका जमा

कऽ देलक अछि। रीगा चीनी मिल वर्ष दू हजार नओ सँ घाटा मे चलि रहल छल। होबयवला एहि घाटाक कारणे मिलक सीएमडी ओम प्रकाश धानुका वर्ष दू हजार बीस मे चीनी मिल के बंद करबाक निर्णय कयने छलाह।

---

अररियाक सांसद प्रदीप कुमार सिंह के हुनक मोबाइल पर रंगदारीक संग जान सँ मारबाक धमकी भेटल अछि। मामिला के लऽकऽ सांसद नगर थाना मे आवेदन कयलनि अछि। आवेदन मे जनाओल गेल अछि जे हुनका नेपालक एक मोबाइल नंबर सँ मैसेज के माध्यमे धमकी देल गेल। एम्हर, खगड़ियाक सांसद राजेश वर्मा के जान सँ मारबाक धमकी देबाक मामिला मे अलौली पुलिस एक युवक के गिरफ्तार कऽ लेलक अछि।

---

बिहार राज्य निर्वाचन प्राधिकार पैक्स चुनावक लेल तैयारी शुरू कऽ देलक अछि। ई चुनाव नवम्बर मास मे प्रस्तावित अछि। प्राधिकार एहि सम्बन्ध मे सभ जिलाधिकारी के पत्र पठौलक अछि। पत्र मे जनाओल गेल अछि जे एहि बेर सेहो कार्यकारिणीक पद पर पछिला बेर जकाँ आरक्षणक प्रावधान लागू रहत। मतदान वैलेट पेपरक माध्यमे होयत आ प्रत्येक मतदाता पाँच पदक लेल मतदान करताह। चुनावक लेल एहि मास सँ पदाधिकारी सभ के प्रशिक्षण शुरू करबाक निर्देश देल गेल अछि।

---

केन्द्रीय शिक्षामंत्री धर्मेन्द्र प्रधान कहलनि जे भारतक सभ सँ पैघ ताकत एकर युवा वर्ग अछि। श्री प्रधान नव दिल्ली मे संस्थागत विकास योजना पर एक कार्यशाला के सम्बोधित कऽ रहल छलाह। ओ कहलनि जे भारतीय उच्च शिक्षा संस्थान सभ के एक मजगूत पारिस्थितिकी तंत्रक आवश्यकता अछि जतऽ मात्र डिग्री बाँटबाक स्थान पर योग्यता के प्राथमिकता देल जाइत अछि। श्री प्रधान कहलनि यूजीसी के मात्र एक नियामक के रूप मे नहिं अपितु एक प्रदाता के रूप मे सेहो देखल जयबाक चाही। एहि अवसर पर केन्द्रीय मंत्री राज्य शिक्षाक लेल कतेको नियम, विनियम आ अधिसूचना के प्रस्तुत करयवला यूजीसी विनियम सभक सार–संग्रहक शुभारम्भ कयलनि।

---

पटना, औरंगाबाद, रोहतास, भोजपुर, वैशाली आ मुजफ्फरपुर सहित राज्यक दक्षिण–पश्चिम आ उत्तर–मध्य भाग मे आइ कतेको ठाम मूसलाधार वर्षा भेल। मौसम विभाग सँ प्राप्त जनतबक अनुसार अगिला चौबीस घंटाक दरमियान किशनगंज, अररिया, पूर्णियां आ कटिहार जिला मे किछु स्थान पर भारी वर्षाक संभावना अछि। ओतहि, राज्यक पूर्वी भाग मे मेघगर्जन आओर वज्रपातक चेतावनी जारी कयल गेल अछि। एम्हर, पछिला चौबीस घंटाक दरमियान सीतामढ़ीक बोखरा मे सभ सँ बेसी अठहत्तरि दशमलव छओ मिलीमीटर वर्षा रिकॉर्ड कयल गेल।

---

समाप्त